ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№97 (24.847) • 2025 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 12, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ



КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

# Гъунапкъэхъумэхэри къадоІэпыкъу

**УФ-м и ФСБ-м Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Семериков Игорь КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ хуэзащ.**

ЗЭІУЩІАХЭР тепсэлъыхьащ къэрал къулыкъуущІапІэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэхэмрэ Гъунапкъэхъумэ управленэм къызэрыдэлажьэ лъэныкъуэхэм зегъэубгъун зэрыхуейм.

Управленэм щылажьэхэм я бжыгъэм мы махуэхэм къыхэхъуащ. Зэрыхабзэу, присягэ къыщащта дауэдапщэр Іэтауэ ирагъэкІуэкІащ. Зэман дэкІрэ ІэщІагъэм зыхуагъасэмэ, абыхэм къэралым и гъунапкъэхэр яхъумэнущ. Хахуагъэ, щІэныгъэ, къару хуэныкъуэнущ ныбжьыщІэхэр - дунейм сыт хуэдэ щытыкІэ иІэу щытми, гъунапкъэм я нэІэ тетын хуейщ. «Шэч къытесхьэркъым абыхэм я къалэныр зэрагъэзэщІэфынум», - иритхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.

Іэтащхьэм щхьэхуэу къыхигъэщащ щытыкІэ къызэрымыкІуэхэм деж гъунапкъэхъумэхэр республикэм щыпсэухэми абы и хьэщІэхэми зэрадэІэпыкъур. Шэджэм аузым къащхьэщыт Іуащхьэхэм ятІэпс къехыу, турист зыбжанэ щыдиубыдам, гъунапкъэхъумэхэм щыгъын хэха щатІагъэщ, къуршым и Іыхьэ задэхэри псы къиуахэри къызэранэкІри, цІыхухэр щІыпІэ щынагъуэншэм яшауэ щытащ.

КІуэкІуэ Казбек Управленэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи ехъулІэныгъэ яІэу лэжьэну ехъуэхъуащ.

# ЙоІэзэ фэбжь хэзыхахэм

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ хуэзащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам. ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Налшык ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм иІэ кІапсэ гъуэгум къыщыхъуа къэхъукъащІэм фэбжь хэзыхахэм я щытыкІэр зыхуэдэм.**

МЫ ЗЭМАНЫМ Республикэ клиникэ сымаджэщым абыхэм ящыщу цІыхуищ къыщІэнащ. Телемедицинэ зэпыщІэныгъэм и Іэмалхэр къагъэсэбэпу академик Бурденкэ Н.Н. и цІэр зезыхьэ, НейрохирургиемкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и ІэщІагъэлІхэм драгъэкІуэкІа зэпсэлъэныгъэхэм япкъ иткІэ, абыхэм я чэнджэщхэр Іуэхум къыхалъытэурэ, ди дохутырхэр фэбжь зыгъуэтахэм йоІэзэ. Абыхэм я щытыкІэр зэпІэзэрытщ. Зыхуэныкъуэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр ягъуэт.

ЗэІущІэм и гугъу щащІащ Налшык бадзэуэгъуэм и 4-м къыщыхъуа Іуэху мыщхьэпэм фэбжь хэзыха, щІэпхъаджащІэр зытеуа ДПС-м и лэжьакІуэм хуащІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэми. Дохутырхэм Азнаур къызэфІагъэувэжащ, иджыпсту и узыншагъэр зэрызэтрагъэувэжыным иужь итщ.



**2025 гъэм Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм ящыщу 25-м, Къэбэрдей-Балъкъэрри хэту, бюджет щІыхуэу ятелъым и процент 66-м нэблагъэр къэралым яхудичыхынущ. ЩІыналъэхэм псори зэхэту хуагъэгъуну ахъшэр сом мелард 42,5-рэ мэхъу. Апхуэдэ унафэм иджыблагъэ Іэ щІидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ Мишустин Михаил.**

# ЩІыхуэр Іахыжынукъым

ЩІЫНАЛЪЭХЭМ хуагъэгъуну ахъшэр зыхуэдизыр елъытащ абыхэм я псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэхэм, промышленностым зегъэужьыным, ущыпсэуну дзыхьщІыгъуэджэ хъуа унэхэм щІэсхэр къыщІэгъэкІыным, транспорт ІэнатІэр егъэфІэкІуэным, къэрал мыхьэнэ зиІэ къалэ-жылэхэр зэІузэпэщ щІыным, пэхуэщІэ ехьэжьахэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдам, шэсыпІэ фондхэм, кредит мащІэхэр зыт ІуэхущІапІэхэм ягъэкІуа мылъкум и куэдагъым.

«ЩІыпІэхэм ирамыгъэпшыныж ахъшэмкІэ цІыхухэм я псэукІэр ирагъэфІэкІуэн яхузэфІэкІынущ, псом хуэмыдэу, социальнэ ІуэхухэмкІэ. Абы нэмыщІ, щІыналъэ, къэрал экономикэхэми хэлъхьэныгъэфІ ар хуэхъунущ», - жиІащ Мишустин Михаил.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**



# КІэлъыплъыныгъэм иджыри щІэтщ

**Тырныауз къыщеха ятІэпсым и Іэужьхэр гъэкІуэдыжынымкІэ лэжьыгъэхэр йокІуэкІ. Мы зэманым щІыпІэм щолажьэ техникэ 30-м щІигъу. Іуэхур зэрекІуэкІым теухуауэ зэпсэлъащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ республикэм и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алийрэ. ЗэІущІэм щаубзыхуащ Оперативнэ штабым адэкІэ къыпэщыт къалэнхэр.**

ГЕРХОЖАН-СУУ псым ятІэпсыр щызэтрихьэ и щІыпІэр оперативнэ ІэнатІэхэм я кІэлъыплъыныгъэм иджыри щІэтщ. Коммунальнэ, гъуэгу ІуэхущІапІэхэм къалэм дагъэкъэбзыкІыж щІыпІэщІыпІэкІэрэ щызэтрихьа ятІэ-мывэхэр, псыжапІэхэр зыхуей хуагъэзэж. Апхуэдэу ятІэпсым щызыхъумэн, транспорт ухуэныгъэщІэхэм я проектхэр къызэрагъэпэщ.

Автомобиль гъуэгу нэхъыщхьэр, «Камук», «Герхожан Ипщэ» куей цІыкІухэм узэрыкІуэхэр, ягъэкъабзэ. Іуащхьэмахуэ район администрацэмрэ Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ ЩэнхабзэмкІэ унэмрэ къегъэщІылІа щІыпІэхэри зэІузэпэщ ящІыж.

# Ягъэува пІалъэхэм тету

**Гъуэгу хозяйствэм епха ухуэныгъэхэр зэраубзыхуам тету республикэм щокІуэкІ.**

ТЫРНЫАУЗ къалэм ятІэпсыр къызэрыщехам къыхэкІыу, автомобиль гъуэгум и Іыхьэ щхьэхуэхэр зэхикъутащ. Ахэр зэгъэпэщыжыным теухуа лэжьыгъэхэр йокІуэкІ. Къару нэхъыбэ хуаутІыпщащ ятІэпсыр зэран зыхуэхъуа щІыпІэхэр гъэкъэбзэжыным.

Ягъэува пІалъэхэм тету йолэжь Шэджэм 2 - Булунгу транспорт зекІуапІэм, Прохладнэ - Іуащхьэмахуэ гъуэгум къыщыщІэдзауэ Нейтриннэ обсерваторэм екІуалІэм, нэгъуэщІхэми.

Шэджэм 2 - Булунгу автомобиль гъуэгум иІэ лъэмыжиплІыр къагъэщІэрэщІэж, Май – Урожайнэ – Осетие Ищхъэрэ - Алание гъунапкъэр зэпызыщІэ гъуэгум хыхьэу Тэрч псым телъ лъэмыжыр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыж. Апхуэдэу Тэрч районым иджыри гъуэгуитІым щолэжь. И кІэм щынэблэгъащ Новопавловск - Прохладнэ - Мэздэгу, Мэрзэхъу - Шытхьэлэ автомобиль гъуэгухэр.



# Къабзэу икІи ирикъуу

**КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр хыхьащ коммунальнэ ІэнатІэр егъэфІэкІуэнымкІэ къэрал программэм. Ар мэлажьэ «ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ.**

ПРОГРАММЭМ хэт ди щІыналъэм и муниципалитетхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэу трагуэшэну ахъшэм ехьэлІа мардэ актхэр республикэм и Правительствэм иджыпсту зэхегъэувэ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм районхэм Іэмал яритынущ щІыналъэм и коммунальнэ инфраструктурэр ирагъэфІэкІуэну, ахъшэр зыхухаха лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэну.

Псалъэм къыдэкІуэу, 2025 - 2026 гъэхэм Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Чыщбалъкъ къуажэм псы бжьамиищІэхэр ирашэлІэнущ, Хьэбэз жылэр псыкІэ ирикъуу къызэгъэпэщыным и Іуэхури ирагъэфІэкІуэнущ. Лэжьыгъэхэм пэрыхьэнущ ахэр пщэрылъ зыхуащІыну ІуэхущІапІэр къызэрыхах зэхьэзэхуэм щагъэбелджыла нэужь.

Къыхэдгъэщынщи, 2025 - 2027 гъэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэнущ цІыхухэр псыкІэ къызэгъэпэщыным хуэщІа объекту 22-рэ. Апхуэдэ щІыкІэкІи, цІыху мин 58-м щІигъум хуащІэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэм и фІагъым хэхъуэнущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Ди къуэш республикэхэм

## Зеубгъу



АБХЪАЗ. «**Айфлай» авиакомпанием 2025 гъэм шыщхьэуІум и 14-м къызэІуихынущ Санкт-Петербург - Сыхъум гъуэгуанэр.**

ТХЬЭМАХУЭ зэхуакум тІэу (бэрэжьеймрэ тхьэмахуэмрэ) уэгум ихьэнущ Airbus 330-200/300 кхъухьлъатэ зэпэщхэр. Компанием къызэритымкІэ, гъуэгум тетынущ сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 15-кІэ.

«Айфлай» авиакомпанием Абхъазым лъэтэныр зэтриублащ 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м. Абы зэрыщІидзэрэ Мэзкуу - Сыхъум маршрутым ирикІуащ цІыху мин 40-м щІигъу. Нэхъапэм Петербург икІыу занщІэу Сыхъум лъатэу щытакъым.

## Марыхъу щхьэдэхыпІэ



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **ШыщхьэуІум и 20 - 22-хэм медиасферэм щыщхэм папщІэ Къэрэшей-Шэрджэсым и бгыхэм щекІуэкІынущ «Марыхъу гъуэгуанэ» форум. Ар хуэгъэпсащ Марыхъу щхьэдэхыпІэм и тхыдэм.**

- ІУЭХУР щекІуэкІынущ щІыуэпс телъыджэ икІи тхыдэ-щэнхабзэ мыхьэнэшхуэ зиІэ щІыпІэм. Абы хэтынухэр къызэрагъэпэщынущ чэтэн унэ цыкІухэмрэ ерыскъыхэмкІэ. Проектыр пхагъэкІ Марыхъу щхьэдэхыпІэм ехьэлІа тхыдэр, щэнхабзэ щІэиныр хъумэным икІи щІыналъэм къыдихьэххэм хэгъэхъуэным хуэунэтІауэ, - жаІащ форумым и къызэгъэпэщакІуэхэм.

Абы ирагъэблагъэ медиаІэщІагъэлІхэр, къызэгъэпэщакІуэхэр, апхуэдэуи щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ящыщхэу илъэс 18-35-рэ ныбжьым къриубыдэхэр.

## Адыгэр щІыуэпсым щыщ Іыхьэщ



АДЫГЕЙ. **Адыгэ скульптор цІэрыІуэ Бырсыр Абдулэхь и ІэдакъэщІэкІ дахэ щагъэуващ республикэм и щыхьэрым. Лъэпкъ фащэр зыщыгъ, бзур зыутІыпщ цІыхум и теплъэ зиІэ фэеплъыр Іэтауэ къыщызэІуахащ Мейкъуапэ дэт, «Гагарина 1» псэупІэ комплекссыщІэм деж, - къет Адыгейм и Іэтащхьэм и пресс-ІуэхущІапІэм.**

АР къыхэщІыкІащ домбеякъым, Карелием къыщыщІах мывэм тету. Ар зи ІэдакъэщІэкІ, Урысейм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгейм щІыхь зиІэ и художник Бырсыр Абдулэхь зэрыжиІэмкІэ, композицэм къегъэлъагъуэ адыгэ лъэпкъыр щІыуэпсым щыщ Іыхьэу щытыным зэрыхуэпабгъэр.

Адыгейм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат ар къыщызэІуахым кърихьэлІащ икІи Бырсыр Абдулэхь и ІэдакъэщІэкІыщІэм папщІэ фІыщІэ хуищІащ. Къыхигъэщащ абы ищІхэр гупсысэ куукІэ зэрыгъэнщІар, и лъэпкъым и щэнхабзэр зэриІэтыр, адыгэхэм я Іущыгъэмрэ псэкупсэ къулеигъэхэмрэ къызэриІуатэр.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**




● Хъыбар гуапэ

# Гукъинэж пшыхьым

**«Агро-2025» фІэщыгъэр зэрихьэу Мэзкуу къалэм и «Тимирязев Центр» егъэджэныгъэ-гъэлъэгъуэныгъэ комплексым иджыблагъэ щекІуэкІа урысейпсо гуфІэгъуэ пшыхьым, еджапІэр къызэраухам и щІыхькІэ зэхашам, хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым мы гъэм къыщІигъэкІа, диплом плъыжьхэмкІэ ар къэзыухахэм я нэхъыфІих.**

КъБР-м и щІыхьыр абы щаІэтыну апхуэдэ пщІэ ягъуэтащ КъБКъМУ-м и факультет зэхуэмыдэхэм щеджа ДыщэкІ Іэминэ, Гыззыев Іэдэм, Желтоноговэ Ксение, Мусукаев Магомед, КІуэкІуэ Темырлан, Соблыр Ахьмэд сымэ.

«Фэ фыкъыхохьэ къэралым и экономикэм технологие ехьэжьахэр щыкуэд и ІэнатІэм. Шэч къытесхьэркъым, фэ фщыщ дэтхэнэ зыми АПК-м щІэ гуэрхэр зэрыхилъхьэнум. Дэ абы икъукІэ дыпоплъэ. «КъэкІуэнур - ар фэращ!» къыхуеджэныгъэм щІэту йокІуэкІ нобэрей пшыхьыр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, пэжри аращ, щІалэгъуалэр - ар ди къэкІуэнырщ. Сынывэхъуэхъуну сыхуейщ фи балигъ гъащІэр фи диплом плъыжьхэм хуэдэу зэщІэблэрэ купщІафІэу щытыну», - захуигъэзащ хьэщІэхэм УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Лут Оксанэ.

Апхуэдэуи абы зэрыжиІамкІэ, къэралым и мэкъумэш еджапІэ нэхъыщхьэхэр къэзыуххэм я урысейпсо гуфІэгъуэ пшыхьыр дяпэкІэ илъэс къэс ирагъэкІуэкІынущ.

**НАУРЫЗОКЪУЭ Ислъам.**

# Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщІэ



**2025 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.**

**Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 721-рэ кІэпІейкІи 4-рэ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 658-рэ кІэпІейкІэ 36-рэ.**

**Ди индексыр П5894**

# Аращ ахэр къыщIимыкIуэтар

**Текlуэныгъэ - 80**



**«910-нэ лъагапIэ» фэеплъыр Бахъсэн районым мыхьэнэшхуэ зиIэ и щIыпIэщ. 1942 гъэм и гъэмахуэм, Пятигорск (Псыхуабэ) къащта нэужь, зэрыпхъуакIуэхэр хэтащ Кавказ Ищхъэрэр адэкIи яубыдыну.**

А ГЪЭ ДЫДЭМ и шыщхьэуIум щыщIэдзауэ 1943 гъэм и щIышылэ пщIондэ зауэ гуащIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым папщIэ екIуэкIат. Псом хуэмыдэу Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэм лIыгъэшхуэ къыщагъэлъэгъуащ 910-нэ лъагапIэм, Хьэрэкхъуэрэ бгым, Зеикъуэ, Къызбрун, Курп Ипщэ къуажэхэм, Налшык къалэм я Iэгъуэблагъэхэмрэ къурш зэпрыкIыпIэхэмрэ. Мы щIыпIэхэр тхыдэм къыхэнащ лIыхъужьыгъэм, Хэкур зыхъумахэм я дамыгъэу.

Налшык и екIуэлIапIэхэм щызэпэщIэуващ щытащ генерал-майор Захаровым и нэIэм щIэт 37-нэ дзэм и етIуанэ гвардие фочауэ дивизэмрэ румыныдзэхэм я 2-нэ бгы фочауэ дивизэмрэ. Совет зауэлIхэм я хахуагъэр абдеж нэрылъагъу щыхъуащ, биим я ебгъэрыкIуэныгъэр къагъэувыIэри, абы и фIыгъэкIэ Налшык зэрызихъумэжынум зыхуигъэхьэзырыну Iэмал игъуэтат.

Къызбрун Езанэ къуажэмрэ 910-нэ лъагапIэмрэ щхьэкIэ ирагъэкIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэр Хэкум зауэшхуэм лIыгъэ щызэрахьа и напэкIуэцIхэм ящыщщ. ЗэратхыжымкIэ, Налшык лъэныкъуэмкIэ лъыгъажэшхуэ щыщекIуэкIар абы щыгъуэщ. А махуэхэм бийр яIыгъыху, яхузэфIэкIащ Тырныауз вольфрам-молибден Iуэхущ|апIэр ягъэIэпхъуэныр, Каспийск тенджызымрэ щIыдагъэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ зыIэрызыгъэхьэну иужь ит Гитлер и мурадхэр къызэпаудыну.

ЗэрыжытIауэ, 910-нэ лъагапIэм я къарукIэ зэхуэмыдэу щызэпэщIэтащ 37-нэ дзэм и етIуанэ гвардие фочауэ дивизэмрэ генерал Думитреску зи пашэ румыныдзэхэм я 2-нэ бгы фочауэ гупымрэ. Советыдзэм хэтт СССР-м ис лъэпкъ псоми щыщхэр, Хэкум и щIы кIапэ дэтхэнэри яхъумэрт. Ахэр хэкIуадэрт, ауэ икIуэтыртэкъым. Къызбрун Езанэ къуажэмрэ 910-нэ лъагапIэмрэ зыхъума куэдым орденхэмрэ медалхэмрэ иратащ, комбат Киреев Леонид хэкIуэдауэ хуагъэфэщащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. Ар Къызбрун Езанэ къуажэм щыIэ къуэшыкхъэм щыщIалъхьэжащ.

1942 гъэм шыщхьэуIум и 12-м етIуанэ гвардие дивизэм и полкхэр Старэ-Павловскэ - Куба - Псыхъурей лъэныкъуэр яхъумэну уващ. Бийр къыщызэтрагъэувыIащ Тэрч, Бахъсэн псыхэм я зэпылъыпIэхэм. Ди зауэлIхэм я лIыгъэм щыхьэт техъуэ тхыгъэ щыIэщ. Абы итщ: «ШыщхьэуIум и 25-м и жэщ псом махуэри къыпыту, хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтми, бийр 910-нэ лъагапIэм ебгъэрыкIуэрт. Абыхэм псыежэхым зэпрыкIыпIэ хуащIурэ, пIэщIэгъуэкIэ ижьырабгъу Iуфэм зэпрыкIырт. Генерал Захаровым 910-нэ лъагапIэм къришри, къаруущIэ зэщIиузэдащ. Дыдейхэр щэнейрэ ебгъэрыкIуащ бийм, хэщIыныгъэшхуэ ягъуэту. Нэхущым нэмысауэ, Захаровым генерал, 37-нэ армэм и унафэщI Козлов П. хъыбар иригъэщIащ сэлэти 150-м нэс аргуэру зэрыхэкIуэдамкIэ. Полкхэр зауэ гуащIэм хэтт, 910-нэ лъагапIэр ямытын щхьэкIэ. АрщхьэкIэ я къарум зэрыхэщIыр, дэIэпыкъуэгъу ахэр зэрыхуэныкъуэр щыжриIэм, жэуапу къыIэрыхьэжащ: «Псори гугъу йохь, дэIэпыкъуныгъэ щыIэкъым, зыфIыгъ». Зэхэуэ гуащIэхэм пащащ...»

ШыщхьэуIум и 26 жэщым Захаровым хъыбар къыIэрыхьащ: «ДэIэпыкъуныгъэр нокIуэ». Унафэр Бахъсэн псыежэхым и ипщэ Iуфэр хъумэн щIадзэжынырт. Ахэр къагъэгугъащ Налшык гарнизоным и гупым хэт зауэлI 1500-м, 113-нэ бригадэм, 275-нэ дивизэм и 290-нэ гупым зыкъыщIагъэкъуэну. ЗауэлI хахуэхэм я пщэрылъыр гугъут, 910-нэ лъагапIэри къащтэжын хуейт. ШыщхьэуIум и 27-м къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 1 пщIондэ я къару зэхэлъкIэ зэрыпхъуакIуэхэр Бахъсэныпс зэпрахужащ. А Iуэхухэр зэрекIуэкIар нобэми къахутэж, уеблэмэ дивизэм и архивымрэ абы и унафэщIым езым и архивхэмрэ хъума хъуащ. Ахэр Москва тхылъ щхьэхуэу къыщыдагъэкIыжащ, «Гвардейская Таманская» фIэщыгъэр иIэу (1981 гъэм дунейм къытехьащ). Уасэ зимыIэщ ХьэкIуащэ Евгений «Къэбэрдей-Балъкъэрыр Хэку зауэшхуэм и зэманым» зыфIища лэжьыгъэри. Абыи купщIафIэу къыщыгъэлъэгъуэжащ а лъэхъэнэр. Опрышкэ Олег и «Вспомним всех поимённо», «Выстоять и победить», «На Эльбрусском направлении» тхылъищри щхьэпэщ.

910-нэ лъагапIэм тет фэеплъым махуэшхуэхэм ирихьэлIэу цIыхухэр щызэхуэс хабзэщ. Мы гъэми ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум «Бгырысхэр» щIыналъэ щIалэгъуалэ клубымрэ «ЛъагапIэ» турист IуэхущIапIэмрэ хэтхэр ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щыIащ, «910-нэ лъагапIэ» фэеплъ цIэрыIуэм дэкIуейуэ лIыхъужьхэм удз гъэгъахэр хуагъэтIылъын щхьэкIэ. Абыхэм яхэта, КъБКъУ-м и студент Инарокъуэ Инар мы Iуэхум теухуауэ жеIэ: «Фэеплъым деж дыщыту си нэгу къыщIэуват 1942 гъэм абдеж фочышэхэр щызэбграгъэлъэту дэ ди ныбжьыну щIалэхэм щIыпIэр зэрахъумар. Ахэр икIуэтыфынутэкъым - я щIыбагъкIэ я лъапсэр, унагъуэхэр, къэкIуэнур къащыгугъырт. Аращ ахэр къыщIимыкIуэтар - дэ нобэрей псэукIэр диIэн щхьэкIэ. Сызыхэта зекIуэм къызгуригъэIуащ: лIыгъэр а псалъэр ину зэрыIу къудейракъым, атIэ таучэл хэлъу уи къалэныр бгъэзэщIэнращ. А зауэлIхэр цIэрыIуагъэ лъыхъуэртэкъым, абыхэм я лъахэр яхъумэу арат. Ди къалэнщ абыхэм я цIэ-унэцIэхэр зыщыдмыгъэгъупщэным къыдэкIуэу, я Хэкум папщIэ абыхэм ята я псэхэр пщIэншэ дымыгъэхъуныр. 910-нэ лъагапIэр щIыпIэ къудейуэ щымыту, ди гум къинэн хуейщ».

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

**ЩIДАА**



# Зэхъуэк|ыныгъэхэр къызыхэкIамрэ абыхэм къарикIуэнкIэ хъунумрэ

**ЩIэныгъэхэмкIэ дунейпсо адыгэ академием и хэщIапIэм видеозэпыщIэныгъэ Iэмалхэри къызэдагъэсэбэпу, зэхыхьэ гъэщIэгъуэн къыщызэрагъэпэщащ.**

«ЩIЫНАЛЪЭХЭМ, зэрыщыту къатщтэмэ, ди планетэм и жьыуэпсым (климат) къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр къызыхэкIамрэ абыхэм къарикIуэнкIэ хъунумрэ» зыфIаща зэIущIэр зэхашат зи гугъу тщIы адыгэ академием хэтхэмрэ Урысей Федерацэм ГидрометеорологиемкIэ и къулыкъум и гуэдзэн, ди республикэм и къалащхьэр зи хэщIапIэ Бгы лъагэ институтым и щIэныгъэлIхэмрэ. Зэхыхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъаз Республикэмрэ я еджагъэшхуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

- ДыщIызэхуэсар экологием, дунейм и щытыкIэм щIыналъэ зэхуэмыдэхэм зэрызыщахъуэжым дытепсэлъыхьын папщIэщ. А Iуэхум нэхъ хэзыщIыкIыу къэтлъытэхэр ди зэхыхьэм къыщыхэтшэм, мурад нэхъыщхьэу диIар дытепсэлъыхьынум теухуауэ я бгъэдыхьэкIэхэр къыщедгъэIуэтэнырщ, - къыхигъэщащ Щхьэгъэпсэум.

Зэхыхьэм и япэ Iыхьэм хэтахэм ирагъэлъэгъуащ ЩIДАА-м и член-корреспондент, биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и доцент Хьэтыхъу Iэубэчыр трыригъэха фильмыр.

Кавказ Ищхъэрэм и щIыуэпсым зэран хуэхъу щхьэусыгъуэхэм я гугъу щащIым, фильмым къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ къагъэсэбэп хъуну щIыгум щыщу ди планетэм къыщызэтенар кIуэтэху нэхъри нэхъ мащIэ зэрыщыхъур.

«Пэжщ, щIыр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щызэхуэдэкъым, - щыжеIэ къигъэлъэгъуа и фильмым Хьэтыхъум. - А псом къахэкIыуи, щIыгу гуэрым зэми пIалъэ кIыхькIэ нартыху щыпщIэми, мыдрейхэм деж илъэс бжыгъэкIэ мыIэрысейхэр щигъэтIысыкIыпхъэщ».

Къумымрэ уэгъумрэ и гугъу щащIым, корреспондентыр щIэупщIащ: «Уэгъур нэхъ зыхуэлъэ Джылъахъстэнейм адыгэхэр дауэ итIысхьат?»

«А лъэныкъуэмкIэ щыIа адыгэхэм абы и закъуэтэкъым щIыналъэу къыхахар. Джылъахъстэнейр мы зэманым зэрысыр пащтыхьым къахуигъэна тIэкIурщ. Абы ипэкIэ нэхъ здэщысар Сунш (Сунжэ) псым и сэмэгу лъэныкъуэрт, ищхъэрэкIэ щаIэхэр хъупIэ папщIэу къагъэсэбэпу...», - жэуап къаритащ Хьэтыхъум.

АдэкIэ зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Бгы лъагэ геофизикэ институтым пшэхэр зыдж физикэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Ташиловэ Аллэ. Ар къеджащ «Дунейпсо, щIыналъэ я лъэныкъуэкIэ жьыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр къызыхэкIамрэ абыхэм къарикIуэнкIэ хъунумрэ» зыфIища и тхыгъэм.



Ташиловэм и къэпсэлъэныгъэм щызэпкърихащ ЩIы Хъурейм и «гъащIэм» щыщу иужьрей илъэс мелуан зытIущым жьыуэпсым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр къызыхэкIауэ къилъытэхэр.

«Цикл Мелановича» жыхуаIэм щытепсэлъыхьым, абы къыхигъэщащ ди планетэм и щхьэфэм ику иту «щытепщэ» хуабагъэ-щIыIагъэм иужьрей илъэс мини 10-м къриубыдэу градус 1-1,5-кIэ фIэкIа зэрызыщимыхъуэжар, ауэ, телъыджэлажьэр аращи, иужьрей зэманым хуабагъэм апхуэдиз дыдэкIэ зиIэтыным ихьыжар илъэси 150-рэ къудейщ. Иужьрей Iуэхугъуэу нэхъ дыкъэзыгъэгузавэр къызыхэкIауэ Ташиловэм къилъытэр «парниковэ эффект»-кIэ, е нэгъуэщIу жытIэмэ, цIыхухэм я дуней тетыкIэ зызыхъуэжамрэ промышленностымрэ я зэранкIэ, дызыхэсыхь, дызэрыбауэ хьэуам увыIэгъуэ имыIэу хагъэзэрыхь гъуэз зэмылIэужьыгъуэхэм щIы щхьэфэм къыщагъэхъу зэщIэбэкхъыныгъэрщ..

Къэпсэлъам зытригъэщIам и телъхьэхэм къызэралъытэмкIи, къыхагъэща Iуэхугъуэ мыщхьэпэм къыкIэлъыкIуэр Дыгъэм къыпкърыпсыкI радиацэм щIы щхьэфэм нэхъри зэрыщыхэхъуэрщ. ИкIи, икIэщIыпIэкIэ зыгуэр къыхуамыгупсысмэ, 2100 гъэм ирихьэлIэу а радиацэм ЩIы Хъурейм, иджыпсту здынэсам елъытауэ, проценти 5-кIэ нэхъри щыхэхъуэнущ.

- Ди гупым хэтхэм къызэралъытэмкIи, ди планетэм и щхьэфэм ику иту щыщыIэ хуабагъэм зэрыщыхэхъуэм щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъур аращ - цIыхухэм я Iуэху зехьэкIэхуэIухуэщIэкIэм хуабжьу зэрызрагъэужьырщ, - тригъэчыныхьащ бзылъхугъэ щIэныгъэрылажьэм.

Ташиловэр, зи гугъу ищIа и егупсысыкIэр адэкIи игъэкIуатэу, зытепсэлъыхьахэм ящыщщ Антарктидэм и мылхэм зэрызагъазэм кIэлъыплъа щIэныгъэлIхэм зэрызэхагъэкIар ЩIы Хъурейм и атмосферэм хэт углекислэ газым и Iувагъми илъэс мин 800-м къриубыдэу зэрызихъуэжар.

- ЦIыхухэм я псэукIэм, промышленностым зэрызаужьым къадэкIуэ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм ящыщщ «кIэрыутIыпщ» гъуэзхэр. Алъандэрэ зэрызыIэщIагъэкIам хуэмыдэу, ди планетэм икIэщIыпIэкIэ къыщызэтрагъэувыIэми, углекислэ газым и куэдагъыу 2000 гъэм диIам дыщыхуэкIуэжыфынур 2500 гъэм ирихьэлIэущ. Къэралхэр зэгурыIуэу, жыхуэтIам къытешэныр мыIуэху цIыкIуфэкIуми, а бгъэдыхьэкIэрщ, дэ къызэрытлъытэмкIэ, ди планетэр щытыкIэ зэгъым изышэжынур, - къыпищащ и псалъэм Аллэ.

Зытепсэлъыхьам теухуауэ Ташиловэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ «Синдика» хьэщIэщым щIэсахэми видеозэпыщIэныгъэ IэмалкIэ Абхъаз Республикэм щыIэу хэтахэми.

ЗыщIэупщIахэм ящыщт «жьыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм я зэранкIэ цIыхухэм нэгъуэщI теплъэ ягъуэтыну?», «жьыуэпсыр и пIэ зэримытыжым шынагъуэ нэхъ къызыхуихьыр хэт, цIыху щхьэхуэра, хьэмрэ, зэрыщыту къатщтэмэ, жылагъуэра?» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

КIэлъыкIуэу псалъэ иратащ Бгы лъагэ геофизикэ институтым пшэхэр зыдж физикэмкIэ и къудамэм и унафэщI Ашэбокъуэ Борис. А щIэныгъэлIым къызэхуэсахэр щIигъэдэIуащ «Жьыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм мэкъумэшыр тещIыхьын: къалэнхэмрэ Iэмалхэмрэ» зыфIищам.

Ашэбокъуэм зэпкърихащ цIыхухэм я гъащIэм мыхьэнэ ин дыдэ щызиIэ IэнатIэр жьыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм дегъэкIун зэрыхуейр, абы папщIи гъавэгъэкIхэм IэмалыщIэхэм лъыхъуэнымкIэ къалэнышхуэ я пщэ къызэрыдэхуэр.

- Иджырей мэкъумэшыщIэхэм зэран нэхъ къахуэхъу Iуэхугъуэхэм ящыщщ, ищхьэкIи зэрыщыжаIащи, щIы щхьэфэм ику иту щыщыIэ хуабагъэм иужьрей илъэситхум къриубыдэу градус 1,5-кIэ зэрыщыхэхъуар, бгылъэ мылылъэхэр щIэгъэхуэбжьауэ зэрыщIэткIукIым и зэранкIэ абыхэм лIэщIыгъуэ мин бжыгъэкIэ зыщызымыгъэхъея, цIыхухэм алъандэрэ къажьэхэмыуа, абы къыхэкIыуи зызыхуамыгъэхьэзыра вирусхэр дунейм къызэрытехьэр, нэгъуэщIхэри. А псоми дэ, дыхуейдыхуэмейми, дызыхуишэр ЩIы Хъурейм тет къэралхэм я нэхъыбапIэм экономикэм ехьэлIауэ алъандэрэ къагъэсэбэпа Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм щIэ гуэрхэр халъхьэн зэрыхуейрщ. Ауэ, итIани, езы къэкIыгъэхэм ехьэлIауэ мыри къыжыIэпхъэщ. Мэкъумэш IэнатIэм къыщрахьэлIэж гъавэр жьыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм, ныкъусаныгъэ къыхухэмыкIыу, егъэсэн папщIэ илъэси 5 - 6-р токIуадэ. Ауэ щыхъукIи, жьыуэпсым зы щIыпIэ гуэрым деж къызэрымыкIуэу зэрызыщихъуэжыр а пIалъэ кIэщIым нэхърэ нэхъ цIыкIужмэ, къэкIыгъэхэм я къарур пэмылъэщынри хэлъщ, - жиIащ Ашэбокъуэм.

Абы адэкIэ къызэрыхигъэщащи, езыр щылажьэ институтым илъэс зыбжанэ хъуауэ къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкI республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIыр зэрыщызэрахьэ, гъавэр къызэрыщагъэкI и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыкIыныгъэу яIэхэр зэхэгъэкIыным хуэгъэзауэ.

Видео IэмалкIэ зэхыхьэм хэтахэм ящыщт Абхъаз Республикэм щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м хэт Экбэ Январби. Ар гъэхуарэ зэхэщIыкIыгъуэу тепсэлъыхьащ зэIущIэм зи гугъу щащIым.

КъыжыIэпхъэщ, абхъаз щIэныгъэлIым и Iуэху еплъыкIэр егупсысыкIэр зэхыхьэм алъандэрэ щыжаIахэм хуабжьу къызэрыщхьэщыкIри.

Экбэ Январби и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхэщымкIэ, ди планетэм и къэкIуэнум тегузэвыхьхэм я гупсысэм хэмыкI «парниковый эффект» Iуэхугъуэ мыщхьэпэр къызыхэкIауэ къэлъытапхъэр ЩIы Хъурейм мафIэбгхэр ерыщ нэхъ зэрыщекIуарщ, нэгъуэщIу жытIэмэ, кIэщI-кIэщIурэ гъуэз Iувышхуэхэр, псы бахъэ къикъуэлъыкIхэри ядэщIыгъужу, къызэрызыхаутIыпщыкIырщ, абы и зэранкIи щIым щхьэщыт хьэуам ищхьэкIэ «шхыIэн» папщIэу къызэрыщытегъуалъхьэрщ. Ар япэрауэ.

ЕтIуанэрауэ. Хьэуам углекислэ газыр нэхъыбэ зэрыщыхъуари зыхуэпхь хъуну щIэныгъэлIым къилъытэр цIыхухэм я гуащIэдэкIыр зэрыщIагъэхуэбжьар аракъым, атIэ дэ дэмылъытауэ ди планетэм зэман кIыхьым тещIыхьауэ зыщызыхъуэж и жьыуэпсым и «зыщIэупскIэкIэрщ», нэгъуэщIу жытIэмэ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ езыр-езыру зэрызыщихъуэжырщ.

МафIэбгхэм ЩIым «къарищIэм» хуэгъэзауэ зэIущIэм щIэсахэм захригъэхам и щыхьэту, Абхъаз Республикэм щылажьэ щIэныгъэлIым (езыр лъэпкъкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым къыщалъхуа абазэщ, илъэс куэдкIэ ди республикэми щыпсэуащ, Налшык къалэ дэсащ, Бгы лъагэ геофизикэ институтым щылэжьащ), щапхъэ папщIэу, бжыгъэхэр и щIэгъэкъуэну, къихьащ и лэжьэгъухэр и гъусэу ирагъэкIуэкIа кIэлъыплъыныгъэхэм къарикIуахэр.

ЗэIущIэм и кIэухым, хэтахэр зэдэарэзыуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр щIэныгъэ IэнатIэмкIэ профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий кърегъэтын зэрыхуейм ехьэлIауэ ягъэхьэзыра лъэIу тхылъри къызэдащтащ.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

**Дызэкъуэту**



# ЛIыхъужьхэм я фэеплъ зэхьэзэхуэ

**УФ-м и Хьэуэ-десант дзэхэр илъэс 95-рэ зэрырикъур ягъэлъапIэу, икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм, дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я фэеплъу Нарткъалэ и «Iуащхьэмахуэ» спорт-техникэ клубым и картодромым картингымкIэ зэхьэзэхуэ зэIуха иджыблагъэ щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ Афганистанымрэ зауэ операцэ щхьэхуэхэмрэ я ветеранхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм, «Iуащхьэмахуэ» клубым, Аруан щIыналъэ администрацэр къадэIэпыкъуу.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР екIуэкIащ «ЛIыхъужьхэм я зэман» социальнэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, щIыпIэ администрацэм, «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым, ветеранхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм, ВДВ-м я ветеранхэр, кадетхэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ хабзэ хъуауэ щIыналъэхэм картингымкIэ илъэс къэс щызэхашэ я зи чэзу зэхьэзэхуэр къызэрызэIуахамкIэ икIи спортсменхэр къыхуриджэщ зэпеуэхэр гукъинэж ящIыну, нэхъ лъэщри утыкум щызэхагъэкIыну.

Аруан район администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Мер Рустам жиIащ щIалэгъуалэр спортымрэ физкультурэмрэ дегъэхьэхыным, узыншэу псэуным хуэунэтIа мыпхуэдэ зэIущIэхэр я гуапэу сыт щыгъуи зэрыдаIыгъыр.

Апхуэдэуи зэхьэзэхуэм кърихьэлIахэм ягу къагъэкIыжащ Хэкур яхъумэу зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм, СВО-м хэкIуэдахэр икIи я щхьэхэр абыхэм хуагъэщхъащ.

Мыгъэрей зэIущIэ зэIухам команди 8 хэтащ, абыхэм ящыщу 4-р Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм къикIахэу. Зэпеуэхэр картингым и класс 11-мкIэ ирагъэкIуэкIащ икIи дэтхэнэми медаль комплектхэмрэ кубокхэмрэ щагъэджэгуащ.

Зэхьэзэхуэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, гупхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Нарткъалэ и «Iуащхьэмахуэ» спорт-техникэ клубым. ЕтIуанэ хъуащ Бахъсэн щIыналъэм и «Джэдыкъуэ» командэр. Ещанэ увыпIэр ихьащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и «Барс» клубым. Абыхэм псоми медалхэр, щIыхь тхылъхэр, кубокхэр иратащ.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан**.

# Дунейм щыхъыбархэр

## ЕджакIуэхэм папщIэ щыгъуныщIэ

**УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм къыхилъхьащ къэрал мардэм къызэригъэувым тету, еджакIуэхэм папщIэ щыгъуныщIэм и теплъэр. Апхуэдэ фэилъхьэгъуэм Iэмал къаритынущ къахэхъуэ мылъкукIэ зэхуэмыдэ унагъуэхэм къахэкIа сабийхэр нэхъ гъунэгъу зэхуэхъунымкIэ, апхуэдэуи махуэ псом ящыгъынур фIагъышхуэ зиIэ щэкIым къыхэщIыкIауэ щытынущ.**

УФ-м и Къэрал Думэм Унагъуэр хъумэнымкIэ, адагъэм, анагъэмрэ сабиигъуэмрэ теухуа IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Буцкая Татьянэ ТАСС-м и журналистым жриIащ школым адэ-анэхэм еджапIэ щыгъыныр зыхуэдэнур яхуигъэувыну зэрыхуитыр, ауэ фэилъхьэгъуэ щхьэхуэ гуэр къащэхуэну е дэрбзэр IуэхущIапIэ хэхам щрагъэдыну къалэн щащIыну хабзэкIэ къызэремызэгъыр

- «УФ-м егъэджэныгъэм теухуауэ» унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, школым щыгъыным и дыкIэм, и плъыфэм, дамыгъэм теухуауэ и еплъыкIэр къыхилъхьэ хъунущ, ауэ фэилъхьэгъуэ щхьэхуэм тригъэчыныхьыну хуиткъым, - жиIащ абы.

КъыщынэмыщIауэ, депутатым къыхигъэщащ школыр зыхуей-зыхуэныкъуэхэм папщIэ адэ-анэхэм ахъшэ зэхурагъэхьэсыныр хабзэм къызэремызэгъыр.

- Апхуэдэ къэхъумэ, Iуэхур еджапIэм и унафэщIым и деж щызэхэгъэкIыпхъэщ. Абдеж щызэфIэмыкIрэ - щIыналъэ унафэщIхэм захуэгъэзэн хуейщ. А псом къащхьэщытыжщ хабзэр къызэрызэпаудыр къэзыпщытэ къэрал IуэхущIапIэр, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэр, - жиIащ Буцкая Татьянэ.

## США-м кърырагъэш

**Урысейм США-м кърыригъэш фармацевт продукцэр хэпщIыкIыу нэхъыбэ хъуащ. Къапщтэмэ, нэгъабэ и мэкъуауэгъуэм елъытауэ мы гъэм хуэдиплIкIэ нэхъыбэ къащэхуащ - а мазэм фармпродукцэу доллар мелуани 10,8-рэ и уасэ кърагъэшащ.**

АХЪШЭ нэхъыбэ зытекIуэдар хущхъуэхэкIхэрщ - доллар мелуани 9,9-рэ. КъыщынэмыщIауэ, США-м щащIа медицинэ Iэмэпсымэу доллар мелуани 5,8-рэ и уасэ зыIэригъэхьащ. А мылъкумкIэ къащэхуащ анестезием папщIэ аппаратурэ, МРТ, офтальмологие Iэмэпсымэхэр.

Мэкъуауэгъуэ мазэм Америкэм и фармпродукцэр нэхъыбэу зыIэрагъэхьащ Германием (доллар мелард 1,32-рэ), Испанием (доллар мелард 1,02-рэ, Нидерландхэм (доллар мелуан 935,2-рэ), Китайм (доллар мелуан 640,3-рэ), Японием (доллар мелуан 737,4-рэ).

**ШыщхьэуIум и 12,** *гъубж*

♦**ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Каспий тенджызым и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ Дзэ-Хьэуа Къарухэм я махуэщ**

♦**1930** гъэм къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бырхьэм Михаил**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэу, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Тыркуин Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 18 щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 13,** *бэрэжьей*

♦**Зи Iэ сэмэгур нэхъ зыгъэшэрыуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1908 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТхьэкIушынэ Нухь**.

♦**1915 гъэм** къалъхуащ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Безрокъуэ Хужь**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэгъуэтыж Светланэ**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Мэшыкъуэ Нуралий**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и къуажэ Iэтащхьэ нэхъыфIхэм ящыщу къалъыта **Къуныжь Хьэчим**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Iэтащхьэу щыта **КIуэкIуэ Юрий**.

♦**1963 гъэм** къалъхуащ Урысей Федерацэм, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист **Ташло Алий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Къуажэ дэз Iыхьлы нэхърэ - жылэ и зырыз благъэ.**

# Iэщ нэхъыбэ зэрахуэ

**2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм зэгъусэу Iэщу яIэм и куэдагъым хэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яIахэм елъытауэ. Апхуэдэ хъыбар иджыблагъэ зэбгригъэхащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.**

ЖЫПIЭНУРАМЭ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу ищхьэIуэкIэ зи гугъу щытщIа IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ IэщышхуэуяIыгъам и куэдагъыр мин 279,2-рэ хъуащ е 2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыIа бжыгъэхэм проценти 102,3-кIэ хуэкIуэу. Абы щыщу жэм щхьэ бжыгъэр мини 141,6-рэ мэхъу, ари зы проценткIэ нэхъыбэщ нэгъабэ елъытауэ.

Мэлрэ бжэну яIам и куэдагъыр мин 443,8-рэ хъуащ е проценти 103-кIэ нэгъабэрей бжыгъэхэм хуэкIуэу. Джэдкъазу яIыгъар мелуани 5,2-рэ мэхъу - нэгъабэрей бжыгъэхэм проценти 103,4-к1э ар хуокIуэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.

● Гъэмахуэ хъупIэхэм

# ЗэгурыIуи зэдаIуи зэдэщыIэ



*Къэбэрдей-Балъкъэрым къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ и къущхьэхъу хъупIэхэм щыIэ Хьэмащэ тэхъуанэмрэ абы къедза Iэбгъэ зыбжанэмрэ иджыблагъэ дыщыIащ. А щIыпIэм упщIэ зыбжанэкIэ зыщыхуэдгъэзахэм ящыщщ республикэм щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Иуан Аскэрбий.*

**- Щыгъуазэ дызэрыхуащIамкIэ, министерствэм щылажьэхэр иужьрей илъэсхэм нэхъ зыщыгуфIыкI Iуэхугъуэхэм ящыщщ республикэм и гъэмахуэ хъупIэхэм щаIыгъ Iэщым я бжыгъэм хэпщIыкIыу зэрыхэхъуар. Абы къыдэкIуэуи мыпхуэдэу сыноупщIынут: Iэщыр къущхьэхъум игъэзэгъэнымкIэ сытхэр нэхъ къывэхъулIэрэ, сытхэм фыхущыщIэу къэплъытэрэ?**

- Гъуэгум, мы илъэсми арэзы дыкъищIу, IэщIагъэлIхэр дэгъуэу елэжьащ. Зэрыплъагъущи, машинэ псынщIэхэри къыдэкIыфыну апхуэдэщ. ЦIыхухэм еIэзэ дохутырхэмкIи тэмэму дыкъызэгъэпэщащ. Республикэр зэрыщыту къэтщтэнщи, Iэщыхъуэхэм жэщи махуи къегъэщIылIа дохутырхэр цIыхуих мэхъу. Ахэр зэрытегуэша и лъэныкъуэкIэ къэдгъэлъагъуэмэ, Къуэштэн - Хьэкхъуафэ щIыпIэм - зы, Хьэмащэ къегъэщIылIа штабым - зы, ЕкIэпцIэкъуэкIи нэгъуэщI зы аргуэру дэсщ. «Шэрэдж» зыфIэтща хъупIэхэу Хъырзынэпсрэ Псыгуэнсурэ я псыхъуащхьэхэр къызэщIэзыубыдэм - тIу, Аурсэнтх деж зы щыIэщ. Республикэм и ветеринар къулыкъум цIыху 12 къыдипхащи, абыхэм ящыщу Хьэмащэ къегъэщIылIахэр мы штабым жэщи махуи тесщ, АурсэнтхкIэ щыIэхэр а бгыщхьэ тафэм графиккIэ докIуей. Къэралым къытхухихам нэмыщI, унейIэщ зезыхуэхэм езыхэм я Iэщ дохутырхэри яIэжщ.

КъинэмыщIауэ, ток зрикIуэ кIапсэ псори зыхуей хуэдгъэзащ, къэзыгъэсэбэпынухэм ялъэдгъэIэсащ. Дызэрыт щIыпIэр къэтщтэнщи, Гундэлэн дэт элетроподстанцым деж къыщыщIэдзауэ, ЕкIэпцIэкъуи къыкIуэцIрыкIыу, Хьэмащи къэсу, Къуратыи зэщIигъэхьэжу къедбжэкIа гъуэгуанэм ирикIуэ ток кIапсэхэм, псори зэхэту, километр 40-м щIигъу я кIыхьагъщ. Электрик тIурытI, зызэрахъуэкIыурэ, жэщ-махуэ ямыIэу, абыхэм якIэлъоплъ. Гъуэгум гуилъэсыкIа-сыт иIэмэ, абы пыщIа гуп къыдокIри, машинэ зекIуапIэхэр зэрагъэзэхуэж. Езыр-езыру къакIуэ псыр километри 7-м нэблагъэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэм зэрырижэну бжьамийхэр дэлъхьэным, укъуэдииным мы гъэми пащэнущ ар зи пщэ дэлъхэм.

**- Къэралым Iэщыхъуэхэм яхуищI гулъытэм иужьрей илъэс зыбгъущIым къриубыдэу хэхъуащ. Мы дыкъыздэкIуам тлъэгъуащ гъуэгухэм ямызакъуэу, псори къызэщIэдубыдэнщи, «инфраструктурэ» жыхуэтIэм зэрызыщиужьар.**

- Штаб дызытехьам щыплъэгъуащ, цIыхур абдежым къекIуалIэрэ, зыхуейм телефонкIэ, ИнтернеткIэ зыщыпащIэф, я унагъуэхэми ныбжьэгъухэми, жылагъуэм къыщекIуэкIхэми щыгъуазэ зыщыхуащIыф зэрыщыхъуар. Дызытехьа пщыIэхэм тесхэм жаIари зэхэпхащ - удз цIынэр, хъуныр дэнэкIи бэлыхьу къыщызэщIэуващ. Iэщым, мазэ ещанэ хъуауэ итщ бгылъэ щIыпIэхэми, хъарзынэу лы зытралъхьащ. Нэхъри дгъэбелджылымэ, гъуэгум илъэсым къриубыдэу тIэу-щэ йолэжь, зи лъащIэр лъахъшэ машинэхэри ирижэфын хуэдэу зыхуей хуагъазэ. Хьэмащэ щIыпIэм деж Iэщыхъуэхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ IэщIагъэлIи Iэщ дохутыри, закъыхуэзыгъазэхэм жэщ-махуэ ямыIэу ядэIэпыкъуфыну, щыдиIэщ, пIалъэпIалъэкIэрэ зыщызэрахъуэкIыу. Ныкъусаныгъи щыIэкъым, тхьэусыхи къахэкIыркъым. Зэхуэарэзыжу тесщ щылажьэхэр.

**- Иджырей мы ди зекIуэм дызыщыхуэзахэм я нэхъыбэр нэхъапэхэми щылэжьахэрщ. ЩIалэгъуалэм ящыщ къахыхьэркъэ Iэщыхъуэ-мэлыхъуэхэм, Аскэрбий?**

- Иужьрей илъэсхэм цIыхущIи щIалэгъуали къахыхьащ. Ахэр, Зеикъуэрэ Къулъкъужынрэ щыщщ, зытесыр нэхъ ищхьэIуэкIэщ, уащрихьэлIэр Къанжал Iуащхьэжьым ущыхуэкIуэкIэщ. Си щхьэкIэ, иджыблагъэ саIущIащ Зеикъуэ щыщ зэкъуэш гупым. КIэщIу къэдгъэлъагъуэмэ, мы иужьрей илъэс зыщыплIым къриубыдэу Iэщ гъэхъуным и Iуэхур мы щIыпIэхэм щекIэкIуа дэнэ къэна, нэхъри зэрыщефIэкIуам щыхьэт дытехъуэфынущ. Мыбдежым къыщыжыIэпхъэу къызолъытэ дохутырхэр я хущхъуэкIи, я IэмэпсымэкIи, я машинэкIи, нэгъуэщIхэмкIиярикъуу къызэрызэгъэпэщар.

**- Аскэрбий, мы хъупIэхэм Iэщыр къыщIыдахур лы зэрыщызытралъхьэм имызакъуэу, къыщаш гъэшми щыгугъыу къыщIэкIынщ. А лъэныкъуэмкIэ Iэщыхъуэхэм я Iуэхур сыт зыIутыр? Гъэшыр дэнэ здашэр?**

- Жэмхэр машинэкIэ къэшыным цIыхуитI пыщIащи, ахэр чэзууэ къыдэкIыурэ мэлажьэ. Шэр хозяйствэ нэхъ инхэм Налшык дэт гъэш заводым ирашалIэ, мыдрей нэхъ цIыкIухэм я Iэщыхъуэхэм ерыскъы папщIэу къагъэсэбэп, шкIэхэм ирырагъэфыж.

**- Къущхьэхъум ит Iэщым щыхэкIуэдыкI къэхъурэ, Аскэрбий?**

- Нобэрей Iуэхукlэ, Тхьэм и фIыщIэкIэ, апхуэдэ щыIэкъым. ЗэгурыIуи зэдаIуи тхэлъу, зым адрейр зэрызэхищIыкIыным, дызэрызэлъэIэсыным дыхущIэкъуу дыкъокIуэкIри, ди гуапэщ Iэщыхъуэхэми я мурадхэр къайхъулIэну.

АтIэми, мы щIыпIэхэр уэшхи уэи зэи щымыщIэм хуэдэщ. Псалъэм папщIэ, мы дызытес щыгум и лъэгур псыдзэм ирелъэсэх, къыздрихьэх мывэхэр къытрекIутэ. Аращи, ахэр и чэзум тегъэкъэбзыкIыжын хуейщ мэхъу. Мы Хьэмащэ къудейм адэкIэ-мыдэкIэ щыкIуэцIрыкI гъуэгухэм, псори зэхэту, километр 240-м нэблагъэ я кIыхьагъщ. Республикэр зэрыщыту къэтщтэнщи, къуакIэ-бгыкIэхэм якIуэцIрыкI гъуэгухэм километр 400-м щIигъум зыщаукъуэдиящ. Къызыщывгъэхъут гъэ техьэгъуэ къэс абыхэм уелэжьыжыну зэрымытыншыр.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*





# ЦIыху куэд щызэблокI

**2025 гъэм и мазиблым къриубыдэу Налшык къалэм и аэропортым цIыху 102031-рэ щызэблэкIащ. Нэгъабэ и щIышылэм - бадзэуэгъуэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 10-кIэ нэхъыбэщ ар.**

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу ди аэропортым зыщаIэтащ е къыщетIысэхащ псори зэхэту кхъухьлъатэ 634-рэ, ари процент 16-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрей бжыгъэхэм елъытауэ. А псор яхузэфIэкIащ пассажирхэм я терминалхэр иджырей мардэм зэрыхуагъэкIуам, цIыхухэр я рейсхэм пэплъэу зыщIэс пэшхэр нэхъ ин зэращIам, гъуэгугъэлъагъуэхэр къызэрыхагъэбелджылыкIам, цIыхухэм я хьэпшыпхэр къэпщытэным трагъэкIуадэ зэманыр нэхъ мащIэ зэрыхъуам, никъуэдыкъуэхэм зекIуапIэ щхьэхуэхэр зэрыхухахам я фIыгъэкIэ.

Апхуэдэуи мыхьэнэ иIэщ маршрутхэм я куэдагъым къызэрыхагъэхъуам. Кхъухьлъатэхэр иджыпсту Мэзкуу къалэм махуэ къэс мэлъатэ (Шереметьевэ, Внуковэ аэропортхэм щетIысэхыу). Сочэрэ Къэзанрэ къалэхэм кIуэ рейсхэм я билет уасэм субсидиемкIэ щыIэ къэрал программэм ипкъ иткIэ хукIэрагъэху, абы и фIыгъэкIи, зэпэубыда хъуркъым. Билет уасэм и Iыхьэ никъуэр субсидие зэращI ахъшэр къэрал, щIыналъэ бюджетхэм къахокI.

Мурад щыIэщ дызыхуэкIуэ илъэсхэм кхъухьлъатэхэр къыщытIыс, абыхэм зыщаIэт гъуэгур ирагъэфIэкIуэну, кхъухьлъатэ нэхъ хьэлъэхэр къыщытIысыфын, дунейм и щытыкIэри зэран яхуэмыхъуфын, маршрутхэм къыхагъэхъуэфын, цIыху нэхъыби щызэблэкIыфын хуэдэу.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Къэрал гулъытэ ягъуэт

**Къэбэрдей-Балъкъэрым «Агростартап» грант дэIэпыкъуныгъэр зратынухэр къыхахын щхьэкIэ 2025 гъэм ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм мэкъумэш IуэхущIапIэ 19 щытекIуащ. Абы ехьэлIауэ щыIэ хабзэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ятыну ахъшэм и куэдагъыр нэхъыбэ дыдэу сом мелуани 3,2-рэ мэхъу.**



ЛЭЖЬЫГЪЭР хуэунэтIащ мэкъумэш, фермер IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкI продукцэхэм я куэдагъым хэгъэхъуэнымрэ ахэр сату щIыпIэхэм щыщэнымрэ ехьэлIа пэхуэщIэхэр дэIыгъыным.

Япэми хуэдэу, ахъшэр IуэхущIапIэхэм я счётым щынэса махуэм къыщыщIэдзауэ мазэ 18-м къриубыдэу ар къагъэсэбэпын хуейщ къанэ щымыIэу. Къащэхуа мылъкумрэ Iэмэпсымэхэмрэ я бизнес-планхэм къыщыгъэлъэгъуахэм хуэкIуэу щытыпхъэщ. Абы къыдэкIуэу, грантыр зратам къыщIигъэкI продукцэмрэ абы къыщIих ахъшэмрэ я куэдагъым илъэс къэс процента 10-кIэ хигъахъуэурэ илъэситхукIэ екIуэкIын хуейщ.

Дызэрыт илъэсым къэрал, щIыналъэ бюджетхэм къахэкIыу грант дэIэпыкъуныгъэу сом мелуан 51,2-рэ республикэм къыхуаутIыпщащ.

**БЭВЫКЪУЭ Алыдж.**

# Электрокъарур ирашалIэ

**2025 гъэм и мазиблым къриубыдэу «Кавказ Ищхъэрэ Россети»-м и «Къэббалъкъэнергом» республикэм и мэкъумэш-промышленнэ комплексым и IуэхущIапIэу 48-рэ электрокъару зэрыкIуэ и кIапсэхэм пидзащ. Электрокъаруузэ псоми зэхэту яритам я лъэщагъыр мегаватти 6,9-рэ мэхъу. Абы хиубыдащ щIыналъэм и пхъуэщIэ инхэм ящыщу Бахъсэн къалэм щаухуа иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэр, зы мегаватт хуэдиз зыхуаутIыпщар.**

АПХУЭДЭУИ «Къэббалъкъэнергом» и электросетхэм падзащ Псыхъурейм щыIэ, нартыхурэ гуэдзрэ зыщIэ IуэхущIапIитI, Аруан къуажэм соем елэжь и заводыр, Нартан и пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэр, Арыкъ, Ульяновскэ къуажэхэм я жыг хадэхэр. Абыхэм нэмыщI, Аруан щIыналъэм и пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэм иджыри зы мегаватт хуэдиз хуаутIыпщащ.

«Республикэм и мэкъумэш IэнатIэхэр электрокъарукIэ къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ иIыгъщ щIыналъэм и экономикэм хэхъуэ иIэнымкIэ. Ар къыдгурыIуэу, апхуэдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ объектхэм ди нэIэ ятедгъэт зэпытщ», - жиIащ «Къэббалъкъэнерго» IуэхущIапIэм и унафэщI Зэгъэщтокъуэ Резуан.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, IуэхущIапIэхэр «Россети»-м и электросетхэм пебгъэдзэн щхьэкIэ, интернетыр къэбгъэсэбэпу «Портал ТП.РФ»-м и сайтым лъэIухэр егъэхь хъунущ, абы щхьэкIэ зыщIыпIи умыкIуэу.

**НАУРЫЗЫКЪУЭ Мысост.**

# Адыгэ пщащэр зыгъэбжьыфIэр

*Щоджэн Дианэ КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым дэнбзэным щыхуеджащ, адыгэ фащэхэр, европей фэилъхьэгъуэхэр зыд дэрбзэрщ, «Адыгэ цIыкIу» сабий гъэсапIэм IэпэIэсэнымкIэ и егъэджакIуэщ, Дзэлыкъуэдэс щыщщ:*

- ДизайнымкIэ колледжым сызэрыщIэса илъэсищыр си гъащIэм гукъэкIыж IэфIу хэтщ. «Къытезгъэзэжу иджыри сыстудентарэт!» - жызоIэ, уеблэмэ. Еджэн, щIэщыгъуэ къэщIэн, зыужьын - арат ди Iуэхур. Зы закъуэ сигу къоуэж, пэжым ухуеймэ: еджапIэр къыщыдухыну илъэсым «коронавирус» уз зэрыцIалэм дунейр зэщIищтати, гурэ псэрэ хэтлъхьэу дызыщеджа колледжым къыщыдлэжьа дипломыр къыщыдатыжым пшыхь дахэ тхуащIыну Iэмал щыIакъым. Дауи, сехъуапсэрт си диплом плъыжьыр пшыхь дахэм къыщызатыжыну.

**- Дианэ, диплом лэжьыгъэу сыт бгъэзэщIат?**

- Бзылъхугъэ фэилъхьэгъуищрэ зы цIыхухъу фэилъхьэгъуэрэ здауэ щытащ. Сегупсысри, щыгъынхэр здащ еджапIэм щызэзгъэщIахэм щыхьэт сытехъуэжыну Iэмал къызэзыт щIыкIэм тету - нэхъ гугъуу зэхэзгъэуващ ар зытесщIыкIыр. Европей щыгъынщ здахэр. Адыгэ фэилъхьэгъуэ щхьэ къыхэзмыгъэхьарэт си диплом лэжьыгъэм, жысIэу согупсысыж мы зэманым. Ауэ, абы щыгъуэ иджыри нэсу къысхыхьагъэнтэкъым лъэпкъ гупсысэр. А еджапIэ дыдэм щхьэхуэу сыщыхуеджэжащ бзылъхугъэ фэилъхьэгъуэхэр дынымрэ тхыпхъэхэр хэдыкIынымрэ.

**- Бзылъхугъэ бостей, фащэ, зэпыт дахэхэр бод. Уи бостей щIэращIэхэр къащылыдыкIыу хъыджэбзхэр пшыхьхэм макIуэ. Сыт ущыдэкIэ уи гур хэзыгъахъуэр?**

- Сыдэну сфIэфIщ. Дэтхэнэ фэилъхьэгъуэри си псэм къыIэпыкI гуэрщ. Псом нэхърэ нэхъыбэу си гур хэзыгъахъуэр здыр хьэзыр хъуа нэужь, абы и дахагъэм арэзы сызэрытехъуэжырщ. Си гур къогуфIыкI сэ зда бостейхэр зейхэм пэзгъаплъэу щызгъэтIылъыжкIэ. Абы есщIылIа лэжьыгъэм сригъэзэшами, си жей згъэныкъуэу сыдами, асыхьэту сщогъупщэж, хьэзыр хъуам сыщеплъкIэ. Нэхъыбэу сылэжьэну сытезыгъэгушхуэ къаруущIи къысхохьэ абы щыгъуэм. Фэилъхьэгъуэр зыIэрыхьэр зэрыщыгуфIыкIыр-щэ! Абы егъэлеяуэ сегъэгушхуэ.

**- УнагъуэкIэ фи бзылъхугъэ нэхъыжьхэм яхэт дэрбзэр?**

- Си адэ шыпхъур щыхъыджэбздэсым дэн-бзэным дихьэхыу щытащ. Унагъуэ хъуа нэужь, унэ Iуэхухэмрэ сабийхэр пIынымрэ хэтти, IэщIэхужащ армыхъумэ.

**- Уи сабиигъуэм сытым уехъуапсэрэт IэщIагъэ пхуэхъуну? Дэныр сытым щыгъуи уигу илъа?**

- Си гугъакъым дэрбзэрыным и курыкупсэм сыкъыхэхутэну. Егъэлеяуэ сехъуапсэрт юристу седжэну. Си адэм ар бзылъхугъэ IэщIагъэу къилъытэртэкъыми, къызжиIэрейт нэгъуэщI IэщIагъэ гуэрым си гупсысэр тезухуэн хуейуэ. СыкъыдэкIуэтейщ, экзамен тыгъуэхэр къэсри, тхыдэмкIэ дезыгъаджэми къызжиIащ, юрист IэщIагъэр си хьэл-щэным хуэмыкIуэу, сыхэмызэгъэну къыщыхъуу. «Уэ юрист IэщIагъэм ухэзэгъэну къысщыхъуркъым, уцIыху щабащэщ. ТIэкIу ткIийуэ, зэзэмызи хьилагъэ гуэрхэм ухуекIуэу ущытын хуейуэ къысщохъу юристу улэжьэн папщIэ. Уэ ухэзэгъэну фэ уэсплъыркъым абы. Гу быдэу ущытын хуейщ, япэрауэ. ИтIанэ, гъащIэм и дахэм нэмыщI, Iуэхугъуэ гуемыIухэри плъагъуным ухуэхьэзырын хуейщ», - къызжиIат. Иджы согупсысыж абы и псалъэхэми, пэж дыдэу, сыхуэхьэзыртэкъым.

Си гъащIэ гъуэгум и зэхэкIыпIэ зэблэкIыпIэхэм, и пычыгъуэ щхьэхуэхэм си Iуэхур зэрыхъуа-зэрыщIахэм сыщегупсысыжкIэ, сытым дежи зыхызощIэ фIым и къарум зэпымыуэ сызэриунэтIыр, Алыхьым и нэIэ къызэрыстетыр.

Дзэлыкъуэкъуажэ дыдэсащ ипэм щыгъуэ. Абдежым зы унагъуэ ныбжьэгъу къыщытхуэхъуат. Абы дыщыдэмысыжми, дызэкIэлъыкIуэрт, дызэрыгъэкIуэдыртэкъым. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым абыхэм я деж деблэгъауэ, я нысащIэр тепсэлъыхьащ дэн-бзэным зэрызыхуигъэсам. Абдежым си гум къыпылъэдащ сэри сыдэфу зезгъэсэну сызэрыхуейр. Унэм сыкъэкIуэжа нэужь, си фIэщу сегупсысащ абы: дэн-бзэныр икIи бзылъхугъэ IэщIагъэщ, унагъуэ сихьэми, къысхуэщхьэпэнущ, жысIэу. Абдежым си IэщIагъэ къыхэхыгъуэти, псори езгъэкIуэтэкIри, ар къыхэсхащ, зызгъэхьэзырыни щIэздзащ. Курыт еджапIэр къэзухри, дизайным сыхуеджэну сыщIэтIысхьащ. Си адэри абы щыгуфIыкIащ, дауи.

**- Адыгэ тхыпхъэхэм узэрыдихьэхми гу лъыстащ...**

- Ар анэдэлъхубзэм хузиIэ лъагъуныгъэм къыщежьащ. СызэрыцIыкIурэ си анэдэлъхубзэр фIыуэ солъагъу. Курыт еджапIэм адыгэбзэмкIэ къыдат лэжьыгъэхэри сфIэфIу сщIыжырт. Рассказ кIэщIхэм



сыкъеджэрт, усэ цIыкIухэр зэзгъащIэрт. Курыт еджапIэр къэзухыу, къалэм сыкъэкIуа нэужь, гу лъыстащ, адыгэбзэм и пщIэр нэхъ мащIэ зэрыхъум. Абы сигъэнэщхъеящ икIи сигъэгупсысащ. Лъэпкъ гурыгъузыр къысхыхьэху, сызэрыадыгэм нэхъри сригушхуэрт. СфIэгъэщIэгъуэнт псори - бзэри, хабзэри, щэнхабзэри, литературэри, макъамэри. НэгъуэщIу жыпIэмэ, адыгэ дунейр си гум из хъуащ. «щхьэ европей щыгъынкIэ дыерыщ, щхьэ адыгэ фащэкIэ е адыгэ тхыпхъэхэр зыхэт фэилъхьэгъуэхэмкIэ зыдмыхуапэрэ?» - жысIэу сегупсысащ сэр-сэру. Тхыпхъэхэм я щэхухэр си щIэщыгъуэти, ахэри зджын щIэздзащ.

**- «Адыгэ цIыкIу» сабий гъэсапIэм къакIуэхэм уазэрыдэлажьэм укъытезгъэувыIэнут...**

- Пасэрей адыгэ IэщIагъэхэр ди пщащэ цIыкIухэм къедгъэщIэным, абы дедгъэхьэхыным, хуэIэижь тщIыным дыхущIокъу. Сабий нэхъ цIыкIухэм яхуэщIэнумрэ тIэкIу нэхъыжьхэм зыздедгъэпщытхэмрэ зэхуэдэкъым. Щхьэж и ныбжьым елъытауэ, нэхъ дэзыхьэхынухэр къахузогупсыс, согъэлажьэ. Езы цIыкIухэм яфIэгъэщIэгъуэнщ, куэдым щIэупщIэу, яхуэмыщIIамэ, къыщIадзэжрэ къапщытэжу мэлажьэхэр. Адыгэ IэрыкIхэм долэжь, адыгэбзэкIэ дыпсалъэурэ. Тхыпхъэхэмрэ лъэпкъ дамыгъэхэмрэ хадыкI, чысэ цIыкIухэр яд, матэ зэIуащэ, тхылъымпIэ зэмыфэгъухэмкIи мэлажьэ.

**- Дианэ, уи сабиигъуэр сыт хуэдэт?**

- Сабиигъуэ насыпыфIэ сиIащ. ГукъэкIыж IэфIхэмкIэ куэдрэ согъэ-зэж а зэман дахэм. ДыщыцIыкIум си дэлъхумрэ сэрэ анэшым дыщыIэрейт, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр щыдгъакIуэр анэшырт, уеблэмэ. ДыцIыкIуу абы щытшха ерыскъым и IэфIыр сэри си дэлъхуми ди Iум итщ, ди гум къохьэ, нани игу къыдогъэкIыж. Нанэ хадэ ищIэу, ар къабзэу зэрихьэу зэрыщытар-щэ! Псом нэхърэ нэхъ къэуатт абы къитх хадэхэкIхэр. А псор зыкIи пхуэмыхъуэжын фIыгъуэщ.

Ди цIыкIущхьэм и зэманым дунейр моуэ нэхъ гуапэу щытт, цIыхухэм я гур зэхуэIэфIт, зэкIэлъыкIуэхэрт, зэрылъагъухэрт. Зэгъунэгъухэр зэдэшхэрт, ухуеймэ дауи щIы. Си сабиигъуэр мис апхуэдэ зэман IэфIым хиубыдащи, ари куэд и уасэщ.

**- АтIэ, уи сабиигъуэр IэфI пщызыщIа уи анэшхуэм усабийуэ узыхуигъэсауэ щытахэм ящыщ Iущыгъэ гуэркIэ укъыддэгуэшэн?**

- Си анэшхуэр езыр егъэлеяуэ цIыху щабэщ, гумащIэщ. ГъащIэм сэбэп къыщысхуэхъу, сызэрыгъуазэ псалъэ куэд къызжиIащ. «Зыгуэрым уи жагъуэ къищI хъужыкъуэмэ, абы зыгуэр епщIэжыну и ужь уимыхьэ. ИужькIэ езым къыгурыIуэжынущ и щыуагъэр», - жиIэрейт, иджыри жеIэ.

**- ГъащIэм щапхъэ щыпхуэхъу уи нэхъыжьхэм къатхутепсэлъыхьыт.**

- Си адэмкIэ си адэшхуэ-анэшхуэм сабгъэдэсщ. Си адэшхуэм хэгъэбелджылыкIауэ сытепсэ-лъыхьыну сыхуейт. И къуэрылъху, пхъурылъху бынхэм ящыщу сэ сызэрынэхъыжьымкIэ сыкъикIащ, сыту жыпIэмэ си адэшхуэм гулъытэкIэ хуиту сигъэ-фIащ. Си цIыкIущхьэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым си адэшхуэм и нэIэ стекIакъым зы махуи. Сыт хуэдэ Iуэхуи ирехъуи, къызэрыздэмыIэпыкъу щыIэкъым. «Быным теубгъуа» зыхужаIэр си адэшхуэм хуэдэхэрщ - сыту ещхьыщэ а псалъэхэр! Дауи, дадэ теухуа сабиигъуэ гукъэкIыжхэри си куэдщ. СыцIыкIу дыдэу, дадэ сыбгъурысу тракторкIэ губгъуэм дихьэрт; гъэмахуэ хуабэм дадэ фIэфI шху щIыIэр сэри къысIурыIэфIауэ, абы губгъуэм дыщефэрт зыдгъэтхъэжу; дунейм и зэхэлъыкIэм теухуауэ упщIэ бжыгъэншэхэр естырт. Дадэ сэрэ диIэщ си сабиигъуэм къыздитха зы хабзэ дахэ - тыкуэным сыщIешэри, «уи нэр зытеплъэр къащтэ, - жи, къыпхуэсщэхунущи». IэфI гуэр сигу къихьарэ ар къызэрысхуищэхуракъым си гур зыгъэфIыр, атIэ си нэхъыжь лъапIэм иджыри сыфIэсабийуэ къызэрысщхьэщытырщ.

**- НэхъыфI дыдэу плъагъу тхылъ уиIэ?**

- Си гум лъагъуэ къытезына тхылъхэм ящыщу къыхэзгъэщынут Шэджыхьэщ1э Хьэмыщэ и «Гум псори къонэ» романыр. Илъэс зыбжанэ ипэ, дзэ Iуэху хэхар къэхъеиным ипэ къихуэу, сыкъеджат абы. Тхылъым и лIыхъужьхэм зыхащIэр зыхэсщIэу щIэзджыкIащ, пэжым ухуеймэ: гъымэ, садэгъащ, гуфIэми, садэгуфIащ. Романым къыхэсха гупсысэхэр си щхьэм илъщ. Иджыблагъэ сигу къихьэри, аргуэру зэ щIэзджыкIыжащ тхылъыр. Ар къыщIэсщтэжам и щхьэусыгъуэт тхыгъэр дызыхэпсэукI зэманым зыкъомкIэ пэджэжу къызэрысщыхъуар. Ди зэманми зауэ зэрыщыIэм, абы и щIэдзэкIэ хъуам теухуа гупсысэхэр си щхьэм илът. Си нэгу къыщIэувэжащ дызэкIэщIэс дыдэу къыздэхъуа си дэлъху дзэ Iуэхум щагъэкIуа махуэр. ИлъэситIым нэблагъэ щыIауэ, гъэмахуэ кIуам хъыбар гущIыхьэр къытIэрыхьащ: унэ къагъэзуам ар щIэсат. Си гум илъ гуауэр зэзгъэзэхуэн папщIэ, тхылъыр къэсщтэжри, ди нэгу щIэ-кIахэр а тхылъым ит Iуэхугъуэхэм езгъапщэурэ сыкъеджащ, дэтхэ-нэ псалъэухари япэу сыкъыщеджам нэхърэ нэхъ гуащIэжу зыхэсщIащ.

**- Иджырей адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм, джэгум и екIуэкIыкIэм уигу ирихьу е иримыхьу хэтхэр...**

- Джэгур хабзэм тету хьэтиякIуэм щригъэкIуэкIыр сфIэтэмэмщ. ХьэтиякIуэ щымыIэмэ, хабзэр мэкъутэ, утыкум къихьэхэм зэран къахуэхъухэр къахокI. Нэхъыжьхэм я пащхьэм ит щауэм и пыIэр щыщхьэраудыр сфIэемыкIущ. Удз гъэгъар къыщаубыдкIэ, хъыджэбзхэм къемыкIуу зыщащIыр, торт зэпагъэжурэ щызэдэгуашэр, щауэмрэ нысащIэмрэ урыс къафэ хуэм къыщызэдэфэр сфIэфIкъым. Пэжым ухуеймэ, иджы куэдыр къулеягъэкIэ зэпоуэ, я хьэгъуэлIыгъуэхэр щыдахкIэ - ари фэрыщIагъэ егъэлеящ. ХьэщIэщхэмрэ шхапIэмрэ адыгэ хьэгъуэлIыгъуэр зэрыщыдахри сфIэфIкъым. Унэм щекIуэкIыр нэхъ къыхызох, дауи. Хъуэхъури унагъуэм къинэу, Iуэхур зэрекIуэкIри зыхэпщIэу. Тхьэм жиIэрэ, си насып къэсмэ, сыхуейщ унэм гуфIэгъуэ Iуэхур къыщызэрагъэпэщыну. Ипэрей хьэгъуэлIыгъуэхэр кIыхьу екIуэкIыу зэрыщытари сфIэфIт. СыцIыкIуу си адэ шыпхъум я дей сыщыIэу, тхьэмахуэ енкIэ екIуэкIа хьэгъуэлIыгъуэ дахэ си нэгу щIэкIауэ щытащ. Иджырей хьэгъуэлIыгъуэхэм щыдмылъагъужми, нэхъапэхэм къафэбжьэ хахрэ, ар дахэу гушыIэурэ Iэнэм щагуэшыжу щыщытари си гум дыхьэрт.

Мыри жысIэнут, иджырей адыгэ щIалэгъуалэм сфIэфIу ядэслъагъухэм ящыщу. ХьэгъуэлIыгъуэ имызакъуэу, Iуэху гуэр кIуэн хъуамэ, е сэ сщIэрэ, еджапIэр къаухарэ диплом къратыжын хъуамэ, адыгэ фащэр екIуу зыщатIагъэ. Абы си гур хегъахъуэ.

*Епсэлъар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэ



# СурэтыщIым и щIэинхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ РСФСР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Скориков Юрий и лэжьыгъэхэр. Ар къызэрагъэпэщащ художникыр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ.**



- ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ исхэр ирогушхуэ Скориков Юрий къыщIэна лэжьыгъэхэм. Художникыр псэуху епцIыжакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым хуиIэ лъагъуныгъэм, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминат гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихым. - Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр, мамырыгъэр ди къэралым къыхуэзыхьа лIыхъужьхэм ящыщщ ар. Хэкум и хъумакIуэхэм я илъэсымрэ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу мы выставкэр къызэрызэрагъэпэщар нэхъри лъапIэщ. Скориковхэ я унагъуэм фIыщIэ хуэфащэщ щIыналъэм щыпсэухэм гъэлъэгъуэныгъэ щхьэпэр тыгъэ къызэрыхуащIам папщIэ.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч къыхигъэщащ Скориковым и лъэщапIэм щригъэкIуэкIыу щыта мастер-класс щIэщыгъуэхэр гукъинэж зэрыщыхъуар, художникыр щыпсэум ямылъэгъуа и лэжьыгъэ купщIафIэхэр выставкэм зэрыхагъэхьар, и сурэтхэм республикэм и щIыпIэ, щIыуэпс дахэхэр, абы щыпсэу цIыхухэр къызэрыщигъэлъэгъуэжар, метрих и кIыхьагъыу и Iэдакъэ къыщIэкIа и сурэтыр зэрыщIэщыгъуэр. Апхуэдэу щIигъужащ Юрэ ипхъу Лизи и лъагъуэм зэрырикIуэжар, сурэт гъэщIэгъуэнхэр абыи зэриIэр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI ХьэIупэ ДжэбрэIил, УФ-м и цIыхубэ художник Пащты Герман, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ.

Скориковым ипхъу Лизэ, и малъхъэ Морозов Сергей, и къуэрылъху Константин сымэ фIыщIэ хуащIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ.

Скориков Юрий и гъащIэмрэ гуащIэмрэ ягу къагъэкIыжащ зэхуэсахэм. 1924 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м ар Налшык къыщалъхуащ. Сабий, ныбжьыщIэ творчествэмкIэ уардэунэм сурэтыщI гъуазджэмкIэ и студием ар щригъэджащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гусаченкэ Николай (1883 - 1987). НыбжьыщIэхэр я егъэджакIуэм и гъусэу бгым кIуэурэ щIыналъэм щыпсэухэм я гъащIэр къыщыгъэлъэгъуэжа сурэтхэр ящIырт. 1939 гъэм Москва и художественнэ школым щIалэгъуалэ гуп еджакIуэ ягъэкIуащ. Абы ящыщт Третьяков Николай, Сындыку Анатолэ, Ехъутэныдж Хьэсэн, Скориков Юрий сымэ. Гупым я еджэныр Хэку зауэшхуэм къызэпиудащ икIи 1942 гъэм Скориковыр абы ираджащ. Куйбышев къалэм и авиацэ заводым щылэжьащ ар.

1946 гъэм щIэтIысхьащ Ленинград къалэм живописымкIэ, скульптурэмрэ архитектурэмкIэ и институтым, Репиным и цIэр зезыхьэм, сурэт щIынымкIэ и факультетым. Ар ирагъэджащ художник цIэрыIуэхэу Фогель Борис, Островэ Лидэ, Авилов Михаил сымэ. Институтыр къиуха нэужь, Скориковым и щIэныгъэм щыпищащ СССР-м и цIыхубэ сурэтыщI, СССР-м ХудожествэхэмкIэ и академием и япэ Президент Герасимов Александр и лъэщапIэм. 1954 гъэм ар хагъэхьащ Ленинград къалэм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм. 1955 гъэм щыщIэдзауэ и лэжьыгъэхэр «Советская Россия» союзпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм зэпымыуэ хагъэхьащ.

Ленинград къалэм и IэщIагъэкIэ и Iуэху щыдэкIыми, художникым и гур зэпымыуэ КавказымкIэ щыIэти, мурад ищIащ РСФСР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я дачэм, щалъхуа хэкум щыIэ лъапсэхэм хуэдэхэр здэщыIэм пэгъунэгъуу унэ цIыкIу къыщищэхуну. ИкIи ар зригъэхъулIащ. Скориковхэ я унагъуэр абы гъэмахуэм щыпсэурт икIи гъэ еджэгъуэр къыщыблагъэкIэ Ленинград къалэм кIуэжырт. Абы щызэхуэсырт художникхэр, гъуазджэм и лэжьакIуэхэр, музыкантхэр, дирижёрхэр, тхыдэджхэр, нэгъуэщIхэри.

1960 гъэхэм Скориков Юрий ХудожествэхэмкIэ академием щригъэджэну ирагъэблэгъащ. СССР-м и цIыхубэ художник, профессор Серебряный Иосиф (1907 - 1979) и мастерскойм сурэт щIынымкIэ щригъэджащ абы.

И IэдакъэщIэкIхэр щахъумэ «Царскосельская коллекция» музейм и фондым, Урыс музейм, КъБР-м Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ и музейм, Тэтэрстан Республикэм СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и Къэрал музейм, Тагил Ищхъэрэм сурэтыщI гъуазджэхэмкIэ, Забайкальем и лъахэхутэ художественнэ музейхэм, нэгъуэщIхэми. КъищынэмыщIауэ, абы и лэжьыгъэхэр Урысейм, Инджылызым, Италием, Китайм, Финляндием, Франджым, Японием, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэухэм зэхуахьэсащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Лъахэр гум щыпсэумэ...

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпсымрэ и щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэмрэ ятеухуауэ щIэ гуэр къэзыщIэну хуейхэм Инарокъуэ Инар и цIэр зэхэзымыха яхэту къыщIэкIынкъым. КъБКъУ-м менеджментымкIэ, туризмэмрэ хьэщIагъэм епха хуэIухуэщIэхэмкIэ и къудамэм и 4-нэ курсым щеджэ адыгэ щIалэщIэр зи щIэныгъэрэ Iущыгъэкiэ удэзыхьэх ныбжьыщIэ къудейкъым, атIэ ар мыхьэнэ зиIэ жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэт цIыху жэрдэмщIакIуэщ. НобэкIэ Инар КъБР-м УнэтIыныгъэ куэду зэхэт и щIалэгъуалэ центрым щIыналъэхэм щыIэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я медиапэхуэщIэхэр гъэзэщIэнымкIэ ядэлажьэ къудамэм и IэщIагъэлI пашэщ. Абы къищынэмыщIауэ, Инар КъБР-м Зэныбжьэгъугъэм и дунейпсо хасэм и гъуазэхэм ящыщщ. Зи зэфIэкIхэм кIуэ пэтми хэхъуэ Инарокъуэм и хъыбар дахэ иджыблагъэ къэIуащ.**



КъБКъУ-м и студент щIалэр Урысей географие зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща уней стипендиехэм я зэхьэзэхуэм и бжьыгъуэ зэфIэхьым нэсащ. А стипендиер хуагъэфащэ географием, щIыуэпсым, туризмэм, лъахэхутэм ехьэлIауэ пэхуэщIэ щIагъуэхэр зэхэзыгъэува жылагъуэ лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм. Зэхьэзэхуэм и КъэпщытакIуэ гупым я пащхьэ Инарокъуэ Инар ирилъхьа пэхуэщIэм щIалэр илъэситI хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым йолэжь, абы щыщ Iуэхугъуэ зыбжани гъащIэм хипщащ. ПэхуэщIэм зэреджэр «Лъагъуэ нэхърэ нэхъыбэщ» («Больше, чем тропа»). Абы хеубыдэ ди щIыналъэм и щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэм зыплъыхьакIуэ уезышажьэ зекIуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Гъуэгухэр гугъуагъкIэ зэщхьэщокI: тынш дыдэхэр яхэтщ, къызэрыгуэкIыу зуплъыхьыным ехьэлIауэ, гугъу дыдэхэри къэлъытащ, пщыIэ бгъэуву бгыхэм жэщщIэсу укъэнэным теухуауэ.

- Дэ ауэ сытми зыщаплъыхьу къетшэхыжын къудей щхьэкIэ цIыхухэр бгым дэтшыркъым. Дыщалъхуа лъахэр фIыуэ зылъагъу, абы и дахэр щIыпIэ куэдым щызыгъэIуну хущIэкъу щIалэгъуалэ гуп дохъури, зи ужь дитыр ди щIыпIэхэр зымыцIыхухэм лъахэр щIэщыгъуэнэкIэ къедгъэплъыхьынырщ, щIыуэпсым и дахагъэ къэс къещIэкIа хъыбархэм щIэдгъэдэIуурэ ялъагъур гукъинэж ящытщIынырщ, - жеIэ Инар.

«Лъагъуэ нэхърэ нэхъыбэщ» пэхуэщIэр нэхъ зытегъэщIар «зыгъэпсэхугъуэ зекIуэхэращ». Ар къызэбгъэпэщыну нэхъ тыншщ, зекIуэным имыпсыхьа щIалэгъуалэм къыпэщылъыр зыхуэдэр егъэцIыхунымкIэ, зи куэщI ихьэ бгылъэхэм я щхьэхуэныгъэхэр нэхъыфIу егъэщIэнымкIэ Iэмалыфlщ. Гугъу дыдэу щымыт гъуэгухэмрэ лъагъуэхэмрэ щаубзыхукIэ, Iэмал зэриIэкIэ щIыуэпсым и телъыджэхэм уэру узыщрихьэлIэ щIыпIэхэр къыхах, сурэт трахын, етIысэхыу зыщагъэпсэхун хуэдэу. ПщэдджыжьымудэкIрэ, пщыхьэщхьэм уи унэ укъекIуэлIэжу зуплъыхьыныр щIыпIэм щыпсэухэм нэхъ къызэрыхахыр къэплъытэмэ, зекIуэр къызэзыгъэпэщхэми абы Iэмал гъэщIэгъуэну халъхьэхэри гукъинэж мэхъу. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, зекIуэм хэтхэм я гур нэхъ псынщIэу кърагъэуэн папщIэ, къурш тхыцIэхэм зэрыдашыр, псыкъелъэхэм я щыгум зэрыщхьэщашэр, лъагъуэ бгъузэ дыдэхэм зэрытрашэр.

Инэрокъуэм зэрыжиIэмкIэ, «Лъагъуэ нэхърэ нэхъыбэщ» зыфIища зекIуэм гукъыдэж зыщIу хъуар хэтыну хуитщ. Гъуэгум шынагъуэ къыщымыхъуным кIэлъыплъхэр, бгылъэ щIыпIэхэм ит гъуэгухэр зыхуэдэхэм щыгъуазэхэр яIэщ, сабийхэр зытепшэ хъун е зыщIэпшыIэн гъуэгухэр нэхъапэкIэ адэ-анэхэм ягурызыгъаIуэ гъуазэхэр щыIэщ.

- Сэ си гуапэ мэхъу зэхьэзэхуэм и пащхьэ ислъхьа пэхуэщIэр нэхъыжьхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуу абы къыхыхьэну жэрдэм щащIым деж. Апхуэдэм деж ди зекIуэм нэгъуэщI мыхьэнэ иIэ мэхъу: ауэ сытми зыплъыхьыным къыпокIри, узэщIакIуэ къару егъуэт. Нэхъыжьым дунейм и пIалъэ ещIэри, щIыуэпсым ирит лъапIэныгъэр зыхуэдэр пыухыкIауэ нэхъ щIалэIуэхэм ягурегъаIуэ, щIыпIэхэм топсэлъыхь, тхыдэм дежкIэ мыхьэнэ иIэмэ, ари къахуеIуатэ. Нэхъыжьыр зымыгъэлъапIэр щхьэ лъапIэныгъэ зэримыхуэнур къызэдгъэпэщ зекIуэхэм нэхъри хьэкъ щысщохъу, - жеIэ Инар.

Бжьыгъуэ зэфIэхьым нэса пэхуэщIэм щIэупщIэ зэригъуэтар, цIыхухэм гунэс зэращыхъуар зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэ гупым къагурыIуащ, ар утыкум къизыхьа щIалэщIэр абы зэрытепсэлъыхь щIыкIэмкIэ, нэхъыбэм ялъигъэIэсыну зыхущIэкъу лэжьыгъэм хилъхьа къарур зэрыабрагъуэр къызыхэщ псалъэхэр зэрызэригъэпэщымкIэ. Бжьыгъуэ зэфIэхьыр кърикIуахэр фокIадэм и 6-м Алтай щIыналъэм къыщызэрагъэпэщ ЩIалэгъуалэ зэхуэсым зы Iыхьэу хэтынущ. Инарокъуэм пэхуэщIэр утыкушхуэм екIуу зэрырихьэнум хуегъэхьэзыр, ар акъыл зэхэдзэкIэ зэрызэрагъэпэщам, текIуэныгъэр къыдихмэ, къару зэхэлъкIэ къызэрахьам и гугъу зэрищIынум тригъэчыныхьу.

Хэкупсэр цIыху гумащIэщ, лъахэм къеузыр узыфэу ефIыкIыу, ар зыгъэнэжэгужэм гукъыдэж къыхилъхьэу. Инар апхуэдэ щIалэ узыншэщи, и гуращэхэр къыхузэпищэну, и хъуэпсапIэхэр къехъулIэну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

● Шыгъажэ

# Саугъэтышхуэр Алыхьбэрдым къехь



**Шэшэным и тхыдэм щыяпэу Грознэ къалэм Закаев Саид-Хъусейн и цIэр зэрихьэу дэт шыгъэжапIэм щекIуэкIа Урысейпсо саугъэтышхуэр (Дерби) къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэм, ди гуапэ зэрыхъущи, япэ увыпIэр къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и шууей Алыхьбэрды Анзор, Къардэн Валерэ и Грей Фог шым тесу. ЕтIуанэ хъуащ Каппушев Мырзэбэч Бенджаммин шымкIэ, ещанэр Шегушев Айдэмир - Реал БоймкIэ.**

ШЫГЪАЖЭМ къыщагъэжащ я ныбжькIэ илъэсищым щIимыгъуа шы лъэпкъыфIхэр. Ар къызэрагъэпэщащ Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзан, УФ-мрэ Шэшэнымрэ Мэкъумэш хозяйствэмкIэ я министерствэхэм, «Россипподром» IуэхущIапIэм.

Къыхэдгъэщынщи, Алыхьбэрды Анзор мы гъэм шыгъэжитхум хэтащ абы щыщу плIым щытекIуащ, Анилиным и саугъэтри дэщIыгъуу. Грознэм и ипподромым япэу къыщыжауэ аращ, адрейхэр Налшык къалэм щекIуэкIахэрщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Урысейпсо саугъэтышхуэр (Дерби) 1886 гъэм щегъэжьауэ ягъэджэгу. Абы къыщызэдагъэжэ хабзэр зы ныбжьыр илъэсищ иримыкъуа шы лъэпкъыфIхэрщ. Шыгъажэм щытекIуам япэ увыпIэм къыдэкIуэу дунейпсом пщIэ лъагэ щызиIэ «Дербист» цIэ лъапIэри къыфIащ. Шуейхэм 2400-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зыпач, ахъшэ саугъэту псори зэхэту сом мелуан 12 ягъэджэгу.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Иджырей мардэм хуэкIуэ хьэщIэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщIэнущ вагъуитху зиIэну «Налшык хьэщIэщ ОЗОН» хьэщIэщ комплекс ди къалащхьэм щыухуэным хуэунэтIа инвестицэ пэхуэщIэ ехьэжьар. Ар щыжаIащ КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэм.**

СОМ мелуан 640-рэ зи уасэну турист ухуэныгъэщIэм иIэну фIагъымрэ цIыхухэм яхуищIэну Iуэхутхьэбзэхэмрэ дунейпсо мардэм къитIасэу щытынущ. ХьэщIэщыр щаухуэнур ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамырщ, курорт щIыпIэм хиубыдэу икIи гектари 2 хуэдиз ирагъэубыдынущ. ПэхуэщIэр и кIэм нэсу щытмэ, цIыху 50-м лэжьыгъэ IэнатIэхэр абы щагъуэтынущ, республикэм и бюджет зэхэтым налог ахъшэу илъэс къэс ягъакIуэм и куэдагъым сом мелуан 30-м щIигъукIэ хэхъуэнущ.

Инвестицэ пэхуэщIэр щагъэзэщIэнур 2028 гъэрщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ЕгъэблэгъапIэм щахуэзэнущ

**Урысей Федерацэм и Президентым и егъэблэгъапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2025 гъэм шыщхьэуIум и 27-м цIыхухэм щахуэзэнущ Урысейм и лъэпкъ гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей.**

Я ЩХЬЭ IуэхукIэ зезыгъэтхахэр къекIуэлIэн хуейщ замыгъэгувэу, ауэ ягъэува пIалъэм дакъикъи 10-кIэ нэхърэ мынэхъ пасэу. ИпэкIэ зезымыгъэтхауэ е къыкIэрыхуауэ къэкIуахэр щрагъэблагъэ пэшым щIагъэхьэнукъым.

Урысей Федерацэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ егъэблэгъапIэм зезыгъэтхар щIагъэхьэнущ, езыр хэтми къэзыгъэлъагъуэ тхылъыр (паспортыр) иIыгъмэ.

ЕгъэблэгъапIэр здэщыIэр: Налшык къ., Ленинным и цIэр зезыхьэ проспект, 27, Правительствэм и унэ.

ИпэкIэ зэрызебгъэтхыну телефоныр: 8 (8662) 96-10-75.

● Футбол

# КъыхамыгъащIэу къаIэщIэкIыфынут

**«Легион» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Мэхъэчкъалэ. «Труд» стадион. ШыщхьэуIум и 9-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр** Передерий (Владикавказ), Белов (Новгород Ищхъэрэ), Джабборов (Курск область).

**«Легион»**: Климанов, Еремин, Гуров, Перелётов, Гамзатов, Коротков (Курбаналиев, 60), Токаев, Краснов, Курбанов, Пирмагомедов, Ибрагимов.

**«Спартак-Налшык»**: Каркаев, КIэдыкIуей, Пириев, Гъуэгузокъуэ (Дзыгул, 73), Кенжев (Шэрджэс, 65), Жабоев, Пекъу, Балъкъыз, Блий, Лысенкэ, ЛIуп (Кумыщ, 74).

**Топыр дигъэкIащ**: Гуровым, 19 (1:0).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Курбановым, Пирмагомедовым, Красновым, Блийм, Пириевым.

**90+2 дакъикъэм** КIэдыкIуейм пенальти худэгъэкIакъым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ щэбэт кIуам Дагъыстэным и къалащхьэм «Спартак-Налшыкым» къыщыпэщылъа зэIущIэм къыдигъэлъагъун хуейт ди щIалэхэм я Iуэхур зыхуэкIуэм. Мыбы ипэ итахэм гугъэ гуэрхэр дагъэщIати, ахэр щIэгъэбыдэжын хуейт.

Мэхъэчкъалэ и «Легион»-р курыт зэфIэкI зиIэхэм ящыщщ. Абы щыгъуэми налшыкдэсхэм нэхърэ хуэдитIым нэблагъэкIэ очко нэхъыбэ зыIэрагъэхьэфащ, турнир таблицэм щымылъагэми. «Спартак-Налшыкыр» хущIэкъуащ занщIу ар игъэундыращхъуэу джэгупIэ губгъуэм тепщэныгъэр щиубыдыну. Ар къехъулIаи хуэдэт, ауэ епщыкIубгъуанэ дакъикъэм къыхудагъэкIа топым псори къызэIищIащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIи ди щIалэхэр ерыщу икIи къаруушхуэкIэ хэгъэрейхэм ебгъэрыкIуащ. Зы очко нэхъ мыхъуми зыIэрагъэхьэнуи Iэмал гъуэзэджэ яIат. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Гъуэгузокъуэ Андемыр джэгум къыщIагъуа зэманым пенальтир къыхуэгъэсэбэпакъым. Арати, аргуэрыжьу къыхагъэщIащ.

Иужьу зэхэта зэIущIэхэм къахэгъэщхьэхукIыпхъэщ Ставрополь щекIуэкIар. Ди лъахэгъу Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ «Динамо»-м абы къыщригъэблэгъат зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъ Хасавюрт и «Победа»-р. Хэгъэрейхэм текIуэныгъэр яхьащ икIи турнир таблицэм пашэныгъэр щызыIэрагъэхьэжащ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щэбэтым щекIуэкIа зэIущIэ псоми кърикIуа бжыгъэхэм. *Мис ахэр:* **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Сочи-2»** (Сочэ) - **2:0**, **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Севастополь»** (Севастополь) - **1:1**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **2:0**, **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **«Нарт»** (Черкесск) - **1:0**, **«Динамо Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Победа»** (Хасавюрт) - **2:0**, **«Рубин»** (Ялтэ) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадиным щригъэкIуэкIынущ. ШыщхьэуIум и 16-м абы кърригъэблэгъэнущ Нэзрэн и «Агнушт»-р.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **«Динамо Ставрополь»** | **21** | **12** | **5** | **4** | **33-21** | **41** |
| 2. **«Победа»** | **21** | **13** | **2** | **6** | **37-19** | **41** |
| 3. **«Севастополь»** | **21** | **11** | **7** | **3** | **34-26** | **40** |
| 4. **«Кубань Холдинг»** | **21** | **10** | **9** | **2** | **37-19** | **39** |
| 5. **«Ростов-2»** | **21** | **11** | **4** | **6** | **28-18** | **37** |
| 6. **«Астрахань»** | **21** | **7** | **9** | **5** | **31-21** | **30** |
| 7. «Дружба» | 21 | 8 | 6 | 7 | 31-22 | 30 |
| 8. «Нарт» | 21 | 8 | 5 | 8 | 27-19 | 29 |
| 9. «Сочи-2» | 21 | 7 | 7 | 7 | 28-26 | 28 |
| 10. «Легион» | 21 | 7 | 6 | 8 | 22-28 | 27 |
| 11. «Рубин» | 20 | 7 | 4 | 9 | 17-22 | 25 |
| 12. «Ангушт» | 21 | 4 | 5 | 12 | 14-27 | 17 |
| 13. **«Спартак-Налшык»** | **21** | **3** | **5** | **13** | **16-36** | **14** |
| 14. «Динамо-2» | 20 | 0 | 2 | 18 | 9-50 | 2 |

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.290
Заказыр №1726
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ихь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Дыщэкl Соня *(1, 4-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(2, 3-нэ нап.)*.

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.

*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.